

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis data dina Bab IV, bisa dicindekkeun yén novél *Handeuleum 'na Haté Beureum* diwangun ku unsur-unsur intrinsik (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung ajén-ajén féminis. Tokoh-tokoh wanoja dina novél *Handeuleum 'na Haté Beureum* hampir sakabéhna digambarkeun ku pangarang ngaliwatan citra fisik, citra psikis, citra di lingkungan kulawarga, jeung citra di masarakat.

Téma ieu novél nya éta ngeunaan cinta/asmara, pajurawetna cinta antara hiji wanoja jeung dua jajaka, cinta jeung nyaahna jajaka ka wanoja nu béda-béda ngabuktikeunana, cinta jeung nyaahna hiji wanoja ka dua jajaka nu patukang tonggong watekna. Dina nyaritakeun ieu novél, pangarang maké galur bobok tengah. Dina ieu novél aya 27 palaku. Tina 27 palaku ngawengku tilu palaku utama nya éta Mayang, Andi, jeung Yudi, opat palaku tambahan nu marengan palaku utama, jeung 20 palaku piguran. Latar dina ieu novél aya 61 latar tempat, 38 latar waktu, sarta maké latar sosial lingkungan masarakat sedeng jeung luhur. Pangarang ngagunakeun puseur panitén jalma katilu sagala nyaho. Dina nyaritakeun eusi novél pangarang ngagunakeun salapan gaya basa. Gaya basa nu mindeng dipaké ku pangarang nya éta rarahulan jeung mijalma. Amanat dina ieu novél nya éta: saapik-apikna nyumputkeun kagoréngan, pasti bakal kapanggih; mending kénéh dipikacinta daripada micinta; élmu jeung kabisa mah moal beurat mamawa, jeung jadi wanoja mah ulah leumpeuh yuni, ulah babari kagoda ku omongan/pisikna lalaki. Wanoja mah kudu tanggoh, rupa-rupa hal/masalah téh saméméh diuruskeun ku batur, kudu disanghareupan heula ku sorangan.

Hampir sakabéh tokoh wanoja nu aya dina novél *Handeuleum 'na Haté Beureum* leuwih mentingkeun karir atawa atikan, ti batan kalungguhanna jadi pamajikan jeung hiji indung. Misalna tokoh Mayang salaku tokoh utama dina ieu

Ai Jamilah, 2015

Ulukan Struktural jeung feminis kana novel handeuleum na hate beureum karya Chye Retty Isnendes pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

novél, manéhna nyorakeun nu aya dina dirina salaku Warga Negara Indonesia, ku cara nyaimbangkeun kalungguhanna sarua jeung lalaki, miboga daya saing jeung aktif, bisa ngalaman dunya atikan tingkat S1 jeung gawé di tempat penerbitan buku. Mayang miboga jiwa féminis nu kuat, katitén tina cita-cita, kahayang, jeung tingkah polah Mayang dina nyanghareupan masalah.

Citra pisik jeung citra psikis wanoja dina ieu novél miboga citra nu positif. Pangarang ngan ngagambarkeun sabéngbatan citra tokoh Mayang jeung Roro di kulawargana. Mayang miboga watek nu mandiri, sedengkeun Roro mah miboga sipat nu nurut pisan ka kolotna. Saupama ditilik tina carita novél, citra tokoh-tokoh wanoja di masarakat miboga kalungguhan penting. Lantaran kitu, bisa dicindekkeun yén kalungguhan tokoh-tokoh wanoja dina hal sosial, atikan, jeung pacabakanna positif alus.

Sabada ditalungtik, téks carita nu aya dina novél *Handeuleum 'na Haté Beureum* bisa dijadikeun alternatif bacaan pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA kelas XI. Novél *Handeuleum 'na Haté Beureum* dijadikeun bahan pangajaran maca sabab saluyu jeung kriteria, sarta sarat bahan pangajaran. Carita ieu novél ogé miboga unsur budaya, atikan nu hadé, jeung ajén-ajén féminis nu kudu dipikanyaho ku siswa-siwa SMA nu keur rumaja, sangkan siswa bisa nyaho jeung nyonto kana citra-citra wanoja positif nu aya dina novél *Handeuleum 'na Haté Beureum*, ku kituna hasil tina ieu panalungtikan dipatalikeun jeung pangajaran.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi karya sastra hususna novél, pikeun panalungtik saterusna, para sastrawan ngora, kritikus karya sastra, guru, jeung masarakat. Éta saran téh nya éta ieu di handap.

Ai Jamilah, 2015

Ulikan Struktural jeung feminis kana novel handeuleum na hate beureum karya Chye Retty Isnendes pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Pikeun panalungtik saterusna, hasil tina ieu panalungtikan téh ngan dirancang pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA kelas XI wungkul. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan saterusna nu nguji ieu bahan pangajaran ku tiori keterbacaan pikeun ngukur kamampuh siswa dina pangajaran maca novél.
- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung féminis dina pangajaran sastra/aprésiasi prosa.
- 3) Masarakat, dipiharep bisa mikanyaho gambaran umum tokoh wanoja nu aya dina novél-novél Sunda, hususna novél *Handeuleum 'na Haté Beureum*.

Ai Jamilah, 2015

*Ulikan Struktural jeung feminis kana novel handeuleum na hate beureum karya Chye Retty
Isnendes pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu